

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta desain *pretest and posttest control group design*. Pola desain panalungtikan bisa dititénan dina tabél di handap.

Tabél 3.1
Desain Panalungtikan

R	O ₁	X	O ₂
R	O ₃		O ₄

(Sugiyono, 2013:76)

Katerangan:

O₁ = Pratés (hasil observasi saméméh diajar maké métode TTB)

O₂ = Pascatés (hasil observasi sabada ‘perlakuan’ diajar maké métode TTB)

O₃&O₄= Pratés & pascatés (hasil observasi saméméh jeung sabada diajar teu ngagunakeun métode TTB)

X = Perlakuan

Tujuan ieu desain téh nyaéta pikeun nalungtik aya henteuna hubungan sebab akibat anu ngagunakeun perlakuan ku salah sahiji kelompok sarta ngabandingkeun hasilna jeung kelompok anu teu maké perlakuan.

Ieu panalungtikan dimimitian ku nyieun heula rarancang panalungtikan, tuluy dijieun ogé rarancang pangajaran (RPP). Sanggeus kitu, perlu nyusun instrumén panalungtikan anu diujikeun ka kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Boh kelas ékspérimén boh kelas kontrol, duanana dibéré tés awal (pratés) jeung tés ahir (pascatés) anu sarua. Bédana, kelas ékspérimén dibéré perlakuan anu mangrupa ngagunakeun métode tarjamahan tata basa sedengkeun kelas kontrol henteu ngagunakeun métode tarjamahan tata basa.

3.2 Populasi jeung Sampel

3.2.1 Populasi

Populasi nya éta objék anu baris ditalungtik dina hiji kagiatan panalungtikan, boh mangrupa benda, manusa, boh kajadian (Suyatna, 2002).

Anu dijadikeun populasi dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas IX SMPN 1 Susukan Kabupatén Cirebon Taun Ajaran 2014/2015 anu jumlahna dalapan kelas. Jumlah populasi bisa dititinan dina tabel di handap.

Tabél 3.2
Data Populasi Panalungtikan

Kelas	Siswa		Jumlah
	Lalaki	Awewe	
IX A	19	24	43
IX B	19	24	43
IX C	18	25	43
IX D	19	24	43
IX E	20	24	44
IX F	18	24	42
IX G	20	23	43
IX H	20	23	43

3.2.2 Sampel

Sampel mangrupa bagéan tina populasi sarta dipandang bisa ngawakilan populasi (Suyatna, 2002).

Dina ieu panalungtikan sampel anu digunakeun nya éta *purposive sampling*, nyaéta nyokot sampel teu ngagunakeun dasar peluang tapi ku cara ditangtukeun ku panalungtik dumasar kabutuh jeung tinimbangan anu tangtu.

Pengklasifikasian kelas IX SMPN 1 Susukan ngagunakeun kritéria anu nuduhkeun perlakuan nu sarua boh dina préstasi siswa, jumlah siswa, kaayaan siswana, guru nu ngajarna, buku sumber jeung kurikulum nu dipakéna sarua. Ku sabab di ieu sakola téh teu aya kelas unggulan atawa bisa disebut kaayaan kelas IX SMPN 1 Susukan téh homogén. Jumlah kelas IX téh aya dalapan, nyaéta IX-A,

Nur Fitri Mardhotillah, 2015

Métode Tarjamahan Tata Basa Dina Pangajaran Maca Karangan Éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

IX-B, IX-C, IX-D, IX-E, IX-F, IX-G, jeung IX-H kalawan karakteristik anu sarua. Ku sabab kitu, sampel anu dicokot téh dua kelas nyaéta kelas IX-B salaku kelas ékspérimen jeung kelas IX-G salaku kelas kontrol.

Tabél 3.3
Data Siswa Kelas Ékspérimen jeung Kelas Kontrol

Kelas	Siswa		Jumlah
	Lalaki	Awéwé	
Ékspérimén (IX B)	19	24	43
Kontrol (IX G)	20	23	43

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Tés digunakeun pikeun meunangkeun data kamampuh maca karangan éksposisi. Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik tés pratés jeung pascaté. Pratés dilakukeun pikeun sakabéh kelompok. Sanggeus ngalakukeun pratés kelas ékspérimén diajar kalawan ngagunakeun métode tarjamahan tata basa sedengkeun kelas kontrol henteu ngagunakeun métode tarjamahan tata basa.

Instrumén pratés jeung pascaté

Nyieun Batik Tulis Trusmian

Méméh ngamimitian nyieun batik taya salahna urang mikanyaho rupa-rupa batik has Cirebon. Batik Cirebon téh kabagi dua aya motif batik klasik (kraton) jeung batik Cirebon pesisir.



Macam motif klasik batik Cirebon diantaranya nyaéta Mega Mendung, Paksinagaliman, Banjar Balong, Singa Payung, Singa Barong, Patran Keris, jeung Ayam Alas. Sedengkeun jenis batik Pesisiran Cirebon diantaranya motif Kapal Kompeni, Pekalis, Penari Cina, Semarangan, Burung Gelatik, jeung réa-réa deui.

Nyieun batik tulis bisa meakkeun waktu lila nepi ka minggu-minggu bisa jadi mangbulan-bulan. Tapi sok sanajan kitu tong leutik hate, nyieun batik lila téh sotéh lamun rék nyieun batik nu miboga kualitas nu hadé. Di dieu mah urang

Nur Fitri Mardhotillah, 2015

Métode Tarjamahan Tata Basa Dina Pangajaran Maca Karangan Éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngan sakadar hayang nyaho atawa hayang diajar kumaha carana nyieun batik tulis. Jadi teu masalah lamun bisa sakali jadi.

Saméméh urang ngamimitian nyieun hiji batik urang kudu nyiapkeun sababaraha hal. Di handap sababaraha alat nu diperlukeun dina proses nyieun batik diantaranya:

1. Lilin Malam

Lilin malam mangrupa cairan hideung nu lamun dipanaskeun miboga fungsi minangka alat pikeun nyieun pla batik. Fungsina nyaéta pikeun pelindung warna cai dina proses ngawarnaan ngahasilkeun motif batik nu luyu jeung kontur lilin malam. Bagean nu aya lilin moal keuna warna sedengkeun bagéan anu teu aya lilinna bakal keuna warna. Lilin warna miboga fungsi pikeun nyieun pola atawa rengrengan, isian atawa isén-isén jeung blok atawa tembokan dina proses nyieun batik.

2. Panci Leutik jeung Kompor

Panci fungsina pikeun nyimpen lilin malam nu saterusna dipanaskeun dina kompor. Saméméhna mah lilin malam téh padet jadi kudu dicairkeun ku cai panas. Sanggeus lilin malam cair terus turunkeun suhu panas kompor ku cara ngaleutikan seuneu tina kompor. Lamun suhu panas teuing bakal ngabalukarkeun lilin malagancang nguap sarta bakal ngabahayakeun pangrajin.

3. Canting Batik

Canting mangrupa alat nu digunakeun pikeun nyimpen malam nu cair anu saterasna dilukiskeun kana kaén batik. Kiwari pikeun manaskeun lilin bisa dina cantingna kalawan ngagunakeun canting éléktronik.



4. Kaén Batik

Kaén batik nu biasa digunakeun nyaéta mori (bahan kaén nu dijieun tina katun). Ukuran kaén mori masih make sistem tradisional nu kasohor kalwan ngaran “kacu”. Hiji kacu sarua jeung ukuran lébar kaén nu aya dikali lébar kaén, jadi ukuranna bujursangkar. Misalna lebar hiji kaén 120 cm maka hiji kacu sarua jeung 120 cm X 120 cm. Salian kaén mori aya ogé sutra jeung organdi minangka bahan pikeun nyieun batik.

5. Gawangan atawa Kanco

Gawangan atawa kanco nyaéta pakakas pikeun ngaitkeun jeung ngabéberkeun mori dina waktu keur ngabatik. Gawangan dijieun tina bahan kai atawa awi. Diusahakeun sapraktis mungkin, sangkan gampang dipindah-pindah, tapi kudu kuat jeung hampang.



Nur Fitri Mardhotillah, 2015

Métode Tarjamahan Tata Basa Dina Pangajaran Maca Karangan Éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

6. *Pangjepit*

Fungsina pikeun ngajepit kaén. Pangjepit diperlukeun dina waktu kaén keur prosés ngajiplak ogé pikeun ngajepit kaén dina gawangan.

7. *Celemek atawa Kaén Pelindung*

Pikeun ngahindari tetesan lilin malam panas diperlukeun kaén pelindung nu ditempatkeun di luhur pingping. Ieu kaén téh kudu kandel sangkan teu tembus lilin.

8. *Pawarna Batik*

Pawarna batik nu digunakeun di tiap daérah béda-béda. Pawarna biasana asalna tina bahan-bahan nu aya di daérah satémpat. Conto di Kebumen, pawarna batik nyaéta tangkal tom, tangkal pace, jeung cangkudu nu méré warna beureum jeung semu konéng. Di Tegal digunakeun pacé atawa cangkudu, nila, jeung sogu kayu.

Tah kitu alat nu dibutuhkeun dina nyieun batik tulis. Éta alat-alat téh wajib digunakeun dina prosés nyieun batik.

(dicutat tina LKS Basa Sunda, 40-41)

Tina bacaan éksposisi di luhur pék tarjamahkeun jeung klasifikasi dumasar warna kecapna!

Pikeun nguji instrumén panalungtikan ku cara:

a. Uji Validitas

Uji validitas dipaké pikeun mikanyaho validitas instrumen tés. Ieu uji téh dilakukeun kalawan ngagunakeun program SPSS dina komputer anu ngagunakeun rumus koefisien korélasi pearson product moment (r).

Kritéria uji validitas dina derajat kasalahan atawa signifikansi 0.05 (5%) nyaéta:

- Instrumén tés disebut valid lamun signifikansi peunteun $r < 0.05$
- Instrumén tés disebut teu valid lamun signifikansi peunteun $r > 0.05$

b. Uji Realibitas

Uji realibitas dipaké pikeun mikanyaho reliabilitas atawa konsistensi instrumén tés dina ngukur hasil tés. Ieu uji téh dilakukeun kalawan ngagunakeun program SPSS dina komputer anu ngagunakeun rumus Guttman (r_i).

Kritéria uji realibilitas dina derajat kasalahan atawa signifikansi 0.05 (5%) nyaéta:

- Instrumén tés disebut reliabel lamun peunteun $r_i > 0$
- Instrumén tés disebut teu reliabel lamun peunteun $r_i < 0$

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Tés nya éta saruntuyan patalékan atawa latihan nu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat nu dipibanda ku sorangan (*individu*) atawa kelompok (Arikunto, 1998:139).

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés awal jeung tés ahir anu dibikeun ka siswa nu jadi sampel panalungtikan. *Pre-tést* digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina maca karangan éksposisi saacan perlakuan, sedengkeun tés ahir digunakeun pikeun mikanyaho aya atawa henteuna peningkatan kamampuh siswa dina maca karangan éksposisi sanggeus dibéré perlakuan ngagunakeun métode tarjamahan tata basa.

Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta: (1) nyusun instrumén panalungtikan anu wangunna tés; (2) ngalaksanakeun pratés kelas ékspérimén jeung kelas kontrol; (3) ngayakeun pascatéés kelas ékspérimén kalawan perlakuan (*treatment*) ngagunakuen métode tarjamahan tata basa; (4) ngalaksanakeun pascatéés kelas kontrol; jeung (5) analisis hasil tés.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun téhnik statistik déskriptif jeung inférénsial. Téhnik statistik diférénsial digunakeun minangka alat bantu penulis dina maham data. Léngkah awal anu dilakukeun nyaéta ngalaksanakeun pengolahan data pikeun nguji hipotésis kalawan bantuan SPSS. Prosés pengolahan data ieu panalungtikan téh nyaéta;

- 1) Méré skor kana hasil siswa dina maca karangan éksposisi

Tabél 3.4
Kriteria Meunteun Kandaga Kecap

Kamampuh kandaga kecap dina maca karangan éksposisi	Skor	Tingkat
1	2	3
Kecap barang	35-43	Hadé pisan
	26-34	Hadé
	17-25	Sedeng
	8-16	Kurang
	0-7	Kurang pisan
Kecap pagawéan	12-13	Hadé pisan
	9-11	Hadé
	6-8	Sedeng
	3-5	Kurang
	0-2	Kurang pisan
Kecap sipat	13-15	Hadé pisan
	10-12	Hadé
	7-9	Sedeng

Nur Fitri Mardhotillah, 2015

Métode Tarjamahan Tata Basa Dina Pangajaran Maca Karangan Éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	4-6 0-3	Kurang Kurang pisan
Kecap bilangan	7 6 4-5 2-3 0-1	Hadé pisan Hadé Sedeng Kurang Kurang pisan
Kecap panyambung	7 6 4-5 2-3 0-1	Hadé pisan Hadé Sedeng Kurang Kurang pisan
Kecap pangantét	5-6 4 3 2 0-1	Hadé pisan Hadé Sedeng Kurang Kurang pisan
Kecap katérangan	9-10 7-8 5-6 4-6 0-3	Hadé pisan Hadé Sedeng Kurang Kurang pisan
Jumlah skor	100 – 0	

Pikeun meunangkeun peunteun ahir ngagunakeun rumus :

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{skor nu kahontal}}{\text{skor ideal}} \times 100\%$$

Keterangan:

1. Kecap barang, nya éta kamampuh siswa dina ngalompokkeun kecap barang tina éta bacaan.

Nur Fitri Mardhotillah, 2015

Métode Tarjamahan Tata Basa Dina Pangajaran Maca Karangan Éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2. Kecap pagawéan, nya éta kamampuh siswa dina ngalompokkeun kecap barang tina éta bacaan.
3. Kecap sipat, nya éta kamampuh siswa dina ngalompokkeun kecap barang tina éta bacaan.
4. Kecap bilangan, nya éta kamampuh siswa dina ngalompokkeun kecap barang tina éta bacaan.
5. Kecap panyambung, nya éta kamampuh siswa dina ngalompokkeun kecap barang tina éta bacaan.
6. Kecap pangantét nya éta kamampuh siswa dina ngalompokkeun kecap barang tina éta bacaan.
7. Kecap katerangan, nya éta kamampuh siswa dina ngalompokkeun kecap barang tina éta bacaan.

2) Ngalakukeun uji normalitas kana data skor pratés jeung pascaté kamampuh maca karangan éksposisi. Pengujian normalitas data digunakeun pikeun mikanyaho bentuk distribusi data (sampel) anu digunakeun dina panalungtikan. Ieu uji téh dilakukeun ngagunakeun komputer (program SPSS) kalawan rumus Chi Kuadrat (Chi square atawa x^2).

Kritéria uji normalitas dina darajat kasalahan atawa signifikansi 0,005 (5%) nyaéta:

- Nilai normal (distribusi normal) lamun *Asymp Signification (Asymp.Sig)* tina $x^2 > 0,05$.
- Nilai henteu normal (distribusi teu normal) lamun *Asymp Signification (Asymp.Sig)* tina $x^2 < 0,05$.

3) Nguji homogénitas data pratés jeung pascaté kamampuh maca karangan éksposisi kalawan tujuan pikeun mikanyaho naha variaian kadua kelompok téh homogén atawa henteu. Uji homogénitas dilakukeun ku komputer (program SPSS) ngagunakeun rumus Levene Statistic (Lev. Stat).

Kritéria uji homogénitas dina darajat kasalahan atawa signifikansi 0,005 (5%) nyaéta:

- Nilai téh homogén lamun signifikansi tina nilai Lev.Stat $> 0,05$.

Nur Fitri Mardhotillah, 2015

Métode Tarjamahan Tata Basa Dina Pangajaran Maca Karangan Éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- Nilai tés teu homogén lamun signifikansi tina nilai Lev.Stat $< 0,05$.
Léngkah-léngkah pengujian homogénitas kalawan SPSS téh nyaéta;
 - a. Asupkeun data dina format SPSS kalawan format kolom kahiji penimbang jeung kolom kadua peunteun.
 - b. Pilih menu analysis, compare means, jeung pilih oneway anova.
 - c. Pilih option jeung tandaan descriptive jeung homogeneity df variance tés.
 - d. Pilih continue.
 - e. Pilih ok.
- 4) Nguji béda antara pratés jeung pascaté kadua kelompok kamampuh maca karangan éksposisi kalawan uji t.
- 5) Nangtukeun signifikansi hasil kadua tés.
- 6) Napsirkeun hasil itung kalawan ngagunakeun uji t pikeun mikanyaho aya henteuna bébédaan varians tina peunteun pratés jeung pascaté. Uji t dilakukeun ku komputer (program SPSS) ngagunakeun rumus Paired Samples Test. Uji t dilakukeun pikeun ngabuktikeun naha aya paningkatan rata-rata nilai tés signifikan atawa henteu. Kriteria uji t pada derajat kesalahan atawa signifikansi 0,05 (5%) nyaéta;
- lamun signifikansi tina nilai $t > 0,05$ maka aya beda anu signifikan antara nilai pascaté kelas kontrol jeung nilai pascaté kelas ékspérimén.
 - lamun signifikansi tina nilai $t < 0,05$ maka teu aya beda anu signifikan antara nilai pascaté kelas kontrol jeung nilai pascaté kelas ékspérimén.